



## **DWA LOKATÈ KI GEN YON KONTRA FÈM KAY A LEKRI**

### **KISA YON KONTRA FÈM YON KAY YE?**

Yon kontra fèm kay se yon akò ak mèt kay ou a pou lwe espas kote ou abite a. Sa eksplike konbyen kòb ou peye pou lwaye, ki dat oud we peye, epi konbyen tan w ap fè la.

### **DEMANAJE NAN FEN KONTRA FÈM KAY OU A**

Asire w ou li kontra fèm kay ou a ankò. Dèfw a ou dwe bay mèt kay la preyavi a lekri ke w ap demenaje lè kontra a fini. Asire w ke ou fè sa a lekri eke ou kenbe yon kopi pou dosye w. Mèt kay la pa kapab ekzije bay yon preyavi pou plis ke 60 jou lè kontra fèm kay ou a fini.

Si mèt kay ou a kite w rete nan kay la apre ke kontra ou a ekspire, oswa li kontinye touche lajan nan men w chak mwa, lè sa ou vin yon lokatè "mansyèl" amwens ke kontra fèm kay ou espesifye yon lòt bagay.

Si kontra ou a ekspire, men ou kontinye ap viv nan kay la,, mèt kay ou a kapab trete w kòm "yon lokatè san kontra". Mèt kay oud we dabò ba w yon notis a lekri ke oud we demenaje eke ou se yon lokatè san kontra. Si w se yon lokatè san kontra, mèt kay ou a kapab eseye eseye jwenn doub lajan lwaye a si li asiye w pou lajan.

### **BRIZE YON KONTRA FÈM KAY KI TE FÈT A LEKRI**

Si w te siyen yon kontra, eke ou vle demenaje anvan kontra a ekspire, w ap brize kontra a. Ou ta dwe...

#### **Li kontra fèm kay la**

Si kontra ou a se pou tan espesifik, donk li kontra a pou wè si w otorize demenaje pi bonè. Dèfw a gen penalite pou sa. Eitou kontra a ap di w konbyen jou preyavi oud we bay mèt kay la.

#### **Pale ak Mèt Kay ou a**

Si kontra ou a pa pèmèt demenaje pi bone, men ou demenaje kanmèm, mèt kay ou gen diferan opsyon. Si kontra ou a pa pèmèt ou demenaje pi bonè, donk pale ak mèt kay ou a pou wè si nou kapab dakò ak

yon dat pou w demenaje pi bonè. Si nou jwenn yon akò, asire w ou pete l pa ekri, epi asire w ke u menm ak mèt kay la siyen l. Kenbe yon kopi pou dosye w.

## **Brize Kontra Fèm Kay la Bonè**

Si mèt kay ou a pa dakò pou w demenaje bone, men ou demenaje kanmèm, mèt kay ou a gen diferan opsyon. Li sa kontra ou a di sou sa kap rive lè w fè sa. An jeneral, mèt kay ou a gen opsyon pou:

- *Tèmine kontra a.* Mèt kay ou a kapab decide pa pran anenn aksyon kont ou e pa mande w peye ankenn lajan malgre ke ou demenaje pi bone epi brize akò a.
- *Rann ou responsab pou lwaye pandan rès kontra a.* Pa ekzanp, si w te siyen yon kontra pou yon lane, eke ou demenaje si mwa bi bone, mèt kay la kapab mande w si mwa lwaye. Konnen ke mèt kay la kapab voye non w nan koleksyon pou lajan sa.
- *Re-lwe apatman an pou diminye lajan lwaye ou petèt dwe mèt kay la.* Si mèt kay la re-lwe apatman an, sa va diminye lajan ou dwe mèt kay lay. Ou pap responsab pou ankenn lwaye apre ke yon lòt moun vin abite nan kay la.
- *Chaje w "dedomajman."* Kontra fèm kay ou gen pwovizyon pou "dedomajman" si w demenaje bonè. Se yon kantite lajan ou menm ak mèt kay la dakò ke w ap peye si w brize kontra a eke ou demenaje bonè

## **SOULWE OSWA PASE KONTRA OU A BAY YON Lòt MOUN**

Li kontra ou a pou wè si w otorize soulwe oswa pase kontra ou a ba yon lòt moun. Gen kèk mèt kay ki pa otorize sa, men gen kèk lòt k ap fè w peye pou sa. Abityèlman, pwopriyetè yo vle apwouve moun k ap pran fèm kay la nan men w.

- *Soulwe.* Si w soulwe apatman an, ou toujou responsab pou lwaye ak dega men si lokatè a ki koze l. Mèt kay la kapab asiye w pou domaj ak lwaye ki pa peye. Ou kapab answit asiyen moun ki soulwe nan men ou a.
- *Pase yon lòt moun fèm kay ou a.* Si w pase yon lòt moun fèm kay ou a, kidonk yon lòt moun ap pran responsabilite w yo ki ekri nan kontra a. Li posib pou w responsab ou pa pou lwaye ke lokatè a pa peye swa pou dega li fè, depandan kondisyon yo. Asire w ke akò a fèt a lekri eke tot moun siyen l. Kenbe yon kopi pou dosye w.


## **SI W DEMENAJE EKE TOUJOU GEN YON MOUN NAN APATMAN AN**

Si non w sou kontra a, ou toujou responsab pou lwaye ak dega nan apatman an menm si ou demenaje. Sèl eksepsyon se si mèt kay la dakò retire non w sou kontra a. Si mèt kay la dakò ke ou pap responsab pou pwochen dega oswa lwaye, fè akò a a lekri epi kenbe yon kopi pou dosye w.

## **NÒT ENPÒTAN POU OGMANTASYON LWAYE NAN MIAMI-DADE:**

Si w planifye pou resiyen yon kontra pou yon fèm kay nan Konte Miami Dade eke mèt kay ou a vle ogmante lwaye a plis pase 5% a la fen kontra a, mèt kay la dwe bay lokatè yon preyavi ase jis anvan oud we swa:

- Aksepte nouvo pri a; OSWA
- Jwenn yon konpwomi ki akseptab; OSWA
- Rejte nouvo pri a epi demenaje.



**Eskane pou plis enfòmasyon**



**4343 West Flagler Street, Suite 100  
Miami, Florida 33134**

**[www.legalservicesmiami.org](http://www.legalservicesmiami.org)**